



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIT POU AKADEMI OKSILYÈ LEKÒL DEBAZ  
LAPOLIS ETA NEW YORK**

***Nouvo akademi nan Cazenovia College pral ede ogmante ran yo nan pèmèt  
Lapolis Eta a ogmante kantite klas nan akademi an***

***Fè pati plan Gouvènè Hochul la pou ranfòse sekirite piblik nan tout Eta New York***

***Akademi an pral resevwa premye klas la nan mwa oktòb 2023***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te chwazi Cazenovia College kòm sit ke Lapolis Eta New York pral lwe pou nouvo Akademi Oksilyè Lapolis Eta li a. Akademi oksilyè adisyonèl la fè pati plan Gouvènè a pou finanse yon kantite klas Lekòl Debaz san parèy, ki te anonse nan kòmansman ane sa a. Gouvènè Hochul [te sekirize](#) plis pase 66 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2024 la pou finanse de lòt klas Lapolis Eta a.

"Avèk akademi oksilyè adisyonèl sa a nan Cazenovia College, nou ka ede asire ke Lapolis Eta New York la gen ase anplwaye avèk fanm ak gason ki byen fòme pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite - as yon pi gwo priyorite pou administrasyon mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Agrandisman sa a pral kreye opòtinite tou pou plis kandida, ki pral sipòte misyon Lapolis Eta a pou divèsifye ak ogmante ran li yo. Nou kontan akeyi premye klas akademi an nan mwa oktòb pandan I ap prepare pou sèvi kominote nou yo".

Agrandisman san parèy sa a pral akselere rekonstriksyon fòs la epi ogmante kantite ofisye lapolis ki devwe pou pwoteje ak sèvi pèp Eta New York la. Inisyativ sa a pral pèmèt Lapolis Eta a ogmante kantite Inite Estabilizasyon Kominotè atravè eta a soti nan 16 rive 25. Li pral ranfòse tou patisipasyon ofisye lapolis nan fòs travay lokal ak federal tankou Fòs Travay Gilgo Beach Homicide, yon inite investigasyon plizyè ajans ke travay yo te mennen nan arestasyon semèn pase yon sispèk nan yon seri asasina ki poko rezoud nan Long Island.

**Sirentandan Adjwen Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare,** "Akademi oksilyè sa a enpòtan anpil pou efò nou fè nan ogmante ran nou yo ak fòmasyon kandida ki pi kalifye posib yo pou pwoteje popilasyon Eta New York la. Nou te vwayaje atravè eta a pandan sèt dènye mwa yo, epi nou te eksplòre plizyè kote,

epi nou santi kanpis Cazenovia College founi yon lokal santral nan New York epi li pi byen adapte pou satisfè bezwen fòmasyon lekòl debaz nou an. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li ak envestisman san parèy nan inisyativ tankou sa a ki ranfòse efò sekirite piblik nou yo".

**Manm Asanble Albert A. Stirpe Jr. te deklare,** "Gouvènè Hochul ap respekte pwomès li pou l ogmante opòtinite pou fòmasyon Lapolis Eta New York. Chwa ekselan nan kanpis College Cazenovia se yon viktwa pou akademi lapolis la ak pou kominote Cazenovia a. Enstalasyon kanpis yo koresponn ak bezwen ekspansyon klas akademi oksilyè lapolis Eta a epi akademi an bay aktivite ekonomik ak opòtinite pou vilaj, vil ak rejyon an".

**Senatè Eta a, Joseph A. Griffo, te deklare,** "Mwen kontan paske Lapolis Eta New York pral lwe espas nan Cazenovia College pou nouvo Akademi Oksilyè li a. Akò sa a pral benefisye kominote Cazenovia a epi pèmèt kapasite ak resous siplemantè pou rekrute plis manm lapolis eta a".

Espas ki lwe nan Cazenovia College pral kapab akomode jiska 275 rekrute ak 115 enstriktè. Fòmasyon sou zam afe ak Kou sou Operasyon Veyikil Ijans (EVOC) yo pral kontinye fèt andeyò sit la nan lokal yo itilize kounye a. Premye Klas Lekòl Debaz nan akademi oksilyè Cazenovia a prevwa kòmanse nan mwa oktòb 2023.

Kandida yo ka aprann kijan pou vin yon Ofisyè Eta New York epi enskri pou fè egzamen an nan [joinstatepolice.ny.gov](https://joinstatepolice.ny.gov).

Aplikasyon pou egzamen antre Ofisyè Lapolis Eta New York te ouvri nan dat 1 jiyè 2023, epi moun ka aplike pou pran egzamen an jiska 1 oktòb 2023. Yo bay egzamen an sou entènèt nan sant tès otorize yo pou fè egzamen an pi aksesib.

Lapolis Eta a te fè kontra ak Pearson VUE, ki pral ofri Egzamen Antre Ofisyè a nan 54 sant tès nan Eta New York, plis pase 280 lokal nan Etazini, ak nan 100 lokal militè atravè mond lan. Kandida yo ap kapab chwazi ki kote ak kilè pou yo fè egzamen an. Pwosesis tès sou entènèt la fè li pi pratik ak aksesib pou nenpòt moun ki enterese vin yon manm patwouy.

Yon gid etid pou egzamen an disponib [isit la](#).

#### **KALIFIKASYON MINIMÒM POU EGZAMENM YO:**

- Sitwayen Ameriken
- 20-34 an (Laj maksimòm nan ka pwolonje pou yon lane pou chak ane sèvis militè aktif a tan konplè - jiska 7 ane maksimòm)
- Diplòm lekòl segondè oswa ekivalan

Ou ka jwenn lòt kondisyon yo [isit la](#).

## **SALÈ AK BENEFIS:**

- Salè kòmansman: 59,612 dola
- Apre yon lane: 84,331 dola
- Benefis ak retrèt konplè

Lapolis Eta a te refè pwogram rekritman li a pou atenn plis kandida fanm ak minorite posib. Sa te enkli rankont ak lidè nan kominote ki mwens reprezante nan fòs aplikasyon lalwa yo, avèk objektif pou konstui relasyon alontèm. Lapolis Eta te siyen pwomès 30X30 lan tou epi li angaje l pou l ogmante pousantaj rekri fanm yo a 30 pousan disi 2030. Ajans la gen ekip rekritman nan chak twoup pou fè rezo nan evènman yo ak nan katye yo.

Gen anpil karyè diferan nan Lapolis Eta New York ak anpil opòtinite pou chak seri konpetans, soti nan inite K-9 li rive nan Ekip Rekiperasyon Anba dlo, rive nan Aviyasyon ak Ekip Repons Operasyon Espesyal yo.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418